## ÆДЗÆСГОНÆН Æ ЦÆСГОНИ ЦЪАРИ БÆЗНÆ ИСБАРÆН ДÆР НÆЙЙЕС!..



***Карл МАРКС (1818-1883), наукон коммунизми бундорæвæрæг: «Адæймаг айдагъ æхецæн ку коса, уæд гæнæн ес, æма си рауайдзæнæй номдзуд ахургонд, зундилæг, хуарз поэт, фал си æцæг устур, алцæмæй æнхæст адæймаг ба некæд рауайдзæнæй... «Паддзахади агъазæй адæми гъомбæл кæнун нецæййаг гъуддаг æй. Гъæуама иннердæмæ уа: гъæуама адæм карз мадзæлттæй гъомбæл кæнонцæ паддзахади...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№26 (1042) 2026 анзи 11 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман

### ÆВАДУАТ УАВÆРТÆ УОМÆН ИСÆВЗУРУНЦÆ, ÆМА ГЪУДДÆГУТÆ ÆДЗÆСГÆНТТИ БÆРНИ БАУНЦÆ...

# ФУДРАКÆНÆГ АЗАПГОНД КУ НÆ ЦÆУА...



Къарæ истæй социалон хизæлтæй.

Аци бæнтти нæ бæсти, зæгъун æнгъезуй, еугур регионти цæргутæн дæр хъæбæр сагъæссаг иссæй транспортон артаги нæхъæртондзийнадæ. Еугур адæмæн дæр – хуæдтолгæ кæмæ ес, айдагъ уонæн нæ, фал кæмæ нæййес, сауæнгæ уонæн дæр – уомæн æма аци уавæр еугурей цардиуаги хабæрттæ къуммæ кæнуй.

Куд æнæгъæнæ Уæрæсей, утæ еци фудвадуат фæббæрæг æй Цæгат Иристони дæр. Уой фæдбæл бæлвурд дзубанди цудæй æрæги нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** разамундæй хецауадон æмбурди. Уæлдай фулдæр æргом æздæхт æрцудæй тухст уавæрæй фæппайда кæнгæй, артаг æвгæнæн косæндæнтти еуæй-еу хецæуттæ æнæрæуагæй æргътæ ке фæббæрзонддæр кодтонцæ, еци æведауцæ миуæмæ.

2

### ХÆЛАРЗÆРДÆ АДÆЙМАГ ДÆБÆЛ ИСÆМБАЛДÆЙ – РÆСТВÆНДАГ УОДЗÆНÆ!..

# ЕУДЗИЙНАДÆ ХУÆНХТÆ ИГÆРДУЙ



Зундгонд куд æй, уотемæй аци анз Уæрæсей нимад цæуй нæ бæсти адæмихæттити еудзийнади Анзбæл. Уой фæдбæл мухур кæнæн сæрмагондæй цæттæгонд æрмæгутæ. Уогæ æнæ уомæй дæр, нæ газеткæсгутæ 'й хуарз зонунцæ, уæхæн æрмæгутæ нæмæ нæ газети ахид фæззиннунцæ, æма ма сæ идарддæр дæр мухур кæндзинан.

Аллихузон адæмихæттити 'хсæн еудзийнадæ уæд уодзæнæй, æма си алке медæгæ дæр цитгийнагдæр менеугутæ ку уонцæ зæрдхæлардзийнадæ, кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма нимайундзийнадæ, уæдта уæхæн зæрдихаттæй иннæ адæмихæттитæмæ дæр кæсунгъон куд уонцæ. Уомæн æвдесæн абони (2-аг фарсбæл) ке мухур кæнæн, зундгонд журналист, дзенетибадæг Цъебойти Сергейи еци уац. Кæд раги финст æрцудæй, уæддæр æй æримисун ба раст уодзæнæй – кæдимайди ба нæ нури фæсевæдæн зундихуасæн исбæззидæ…

Æ рæстæги хъæбæр сæрустур адтан, Цæгат Кавкази исфæлдистадон косгутæн кæрæдзей хæццæ ци федар зæрдхæлар рахастдзийнæдтæ адтæй, уомæй. Советон Цæдеси фехæлди фæсте фæззингæ æведауцæ фæткити фудæй сæ еци лимæндзийнадæ æрнидæн æй. Хуарз æма нур архайд цæуй æ иснæуæг кæнунбæл. Еци гъуддаги сæрбæлтау архайæн мах дæр – нæ газети ахид фæззиннунцæ аллихузон æрмæгутæ. Абони ба мухур кæнæн (6-7-аг фæрстæбæл) Кæсæг-Балхъари адæмон финсæг Хачим Теунови радзурд «Сæгут».

### ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ



#### ТУГЪДОН НАМУС – ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНАГ

Республики Парламенти официалон сайти ци закъони проект ес, уоми куд загъд ес, уотемæй Устур Фидибæстон тугъди дзамани немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ рæстæгмæ Цæгат Иристони кæцидæр хай ку байахæстонцæ, уæд сæ нихмæ тохи Æрæдони зæнхæбæл тугъдтити бæгъатæрдзийнадæ, æхсарæ æма фæразондзийнадæ ка равдиста, еци тугъдонти ном исæносон кæнуни туххæй Æрæдонæн лæвæрд æрцæудзæнæй «Тугъдон намуси цæрæн бунат»-и кадгин ном.



#### «ДОНИ АРÆХÆН УÆД ДÆ ЦАРД!..»

Уæхæн загъд нин нæ фидтæлтæй байзадæй. Фал нæ абони цардарæзти ба бустæги утæ алкæд нæ рауайуй. Уой æрæги уæнгæ дæр сæхебæл æвзурстонцæ, Дигори райони Къора-Уорсдони цæргутæ – берæ æнзти дæргъи зиндзийнæдтæ æвзурстонцæ, ниуазуни дон син ке нæ фагæ кодта, уой фудæй. Еци тухстаг фарста кæдæй-уæдæй, æнгъæлдæн, еуварсгонд æрцудæй. Ами æрæги иснæуæг кодтонцæ, 1982 анзи æхгæд ка 'рцудæй, еци донæфсадæн цъасгæ (скважина).

Регионалон «Водоканал» æркосун кодта, 500 кубометри ка дæтдзæнæй, уæхæн комплекс, донцъирæн æма подстанцæ. Еци мадзæлтти фæрци фарста лухгонд æрцудæй, уæлæнхасæн гъæуи цæргутæн сæ бон есун уодзæнæй сахатмæ 25 кубометри ниуазуни дон.

Кустуати специалисттæма æркосун кодтонцæ дууæ æмбурдгæнæн резервуари, еумæ райсгæй си цæуй 500 кубометри.

***Михаил СТЕЛЬМАХ (1912-1983), украинаг финсæг: «Адæймаг еунæг ку уа, уæд ирæзуй æнæзингæй, гъæдæй еуварсгонд бæласи хузæн; адæми æхсæн ба зунд дæр æма кемæнтæ дæр итинг кæнунцæ рæхсбетунæй, уодигъæдæ идзагæй-идзагдæр кæнуй тухæ æма федардзийнадæй...»***

**ХУАРЗ ÆРДХУАРД КÆД ÆНСУВÆР ХОНÆН, УÆДДÆР ÆНСУВÆРИ БА НЕКÆБÆЛ ЕС РАБАРÆН...**



Михаил ПЛАЩЕВСКИЙ. «Æфсæддонти къатибон». Хузæ ист æй социалон хизæгтæй.

# ЛИМÆНДЗИЙНАДÆ – ФЕДАР БУНДОР



ЦЪЕБОЙТИ Сергей

Сæ лимæндзийнадæ равзурдæй 1982 анзи. Уæд не 'мзæнхон лæхъуæнтæ: Хъазити Мурат, Мæрзойти Олег, Зæнгиати Олег, Дрети Геуæрги, Козати Сергей, Нæкусати Барис, Арсæгти Мосей, Будайти Ярослав, Бугати Феликс, Æлбегати Валоди, Бигъати Валоди, Танхълати Руслан, Хæбæлонти Сергей; уруссæгтæ Василий Беглецов, Николай Шинкаренко, Василий Волков, мæхъæлон Тамерлан Харсиев, цæцæйнаг Хаматкан Черткоев еумæ службæ кодтонцæ Медгъуддæгути æфсæдти идард Узбекистани. Гъæуай кодтонцæ æфсæддон ахедундзийнади продукци уадзæг завод хуæнхти.

Æфсæддон службæ æнцон некæд фæууй. Фал иристойнаг лæхъуæнтæ кæмифæндидæр службæ кæнгæй, сæ райгурæн зæнхи кадæ бæрзонд хæссунцæ, сæ фидтæлти æфсæддон намус тухгиндæр кæнунцæ. Æма еци фæсевæди къуар дæр, федар лимæндзийнадæбæл æнцойнæ кæнгæй, æнтæстгинæй æнхæст кодтонцæ Фидибæсти размæ сæ кадгин ихæс. Кефæнди си бафæрсæ, арази æй æ цардæй, æма æхцæуæнæй æримисуй æ служби бонтæ. Кæрæдземæн агъаз кæнгæй, кæрæдземæ игъосгæй, кæрæдзебæл æновудæй æрвистонцæ сæ служби рæстæг райгурæн уæзæгæй идард рауæни.

Бигъати Валодий фидæ Хадзимурат Советон Æфсади берæ рæстæг баслужбæ кодта. Адтæй болкъони цини уæд, нур отставки æй. Мæнæ куд зæгъуй æ фурт æма уой хæццæ уæди æфсæддон службæгæнгутæй:

– Еуæхæни æз мæ фæллад уадзуни рæстæг рафæндæ кодтон мæ фурти рабæрæг кæнун, кæми службæ кодта, уоми. Æма уайтæкки бамедæг дæн уордæмæ. Валоди пости адтæй, фал мæбæл æрбамбурд æнцæ иристойнаг æфсæддонтæ, сæ цийнæн кæрон нæбал адтæй. Сæ командир, дæлболкъон мин загъта: «Дæ фурт хъæбæр хуарз службæ кæнуй. Иннæ иристойнæгтæмæ дæр фау æрхæссæн нæййес. Федар лæхъуæнтæ 'нцæ. Сæ лимæндзийнади хъаурæ ба син уæлдай хъауритæ дæттуй...» Уæхæн дзубандитæ мин æхцæуæн куд нæ адтæнцæ!..

Иристойнаг лæхъуæнтæн сæ службæ ку рахецæн æй, уæдæй фæстæмæ инсæйæймаг анз цæуй. Æма алли анз дæр фадуат иссерунцæ фембæлунæн, кæрæдзебæл бацийнæ кæнунæн. Багъæуаги балæуунцæ кæрæдзей фарсмæ.

Хъазити Мурат адтæй æфсæддон æмбæлтти хуарз гъуддæгути амидингæнæг, фæлмæнзæрдæ, гъазæн дзубанди æй, куд фæззæгъунцæ, райагорæ-байагорæ кæнун нæ гъудæй, уайтæккæ дæр æ цъухæй исхауидæ. Лæхъуæнтæй кадæр, зæгъæн, æрхунбадæ кæнун ку байдайидæ, уæд ести циргъзунд дзубандитæ кæнун райдайидæ æма æфсæддонтæ байигъæлдзæг уиуонцæ. Се 'рхæндæг æрбайсæфидæ.

Æрæги рахецæн æй æ цардæй Хъазити Мурат. Еци уæззау хабар гъæргæнæг фегъосун кодта Бигъати Валодийæн. Е ба бадзурдта, сæ лимæнтæй Иристони зæнхæбæл кадæр цæруй, уонæмæ. Æрæмбурд æнцæ æма фæццудæнцæ Мизурмæ Хъазити Мурати æ фæстаг надбæл рафæндарст кæнунмæ. Зæрдристæй ибæл фæхъхъонц кодтонцæ. Æ мадæмæ ин равардтонцæ циртдзæвæни аргъ æхцай фæрæзнитæ. Бабæрæг кæниуонцæ мæгур мади уой фæсте дæр.

Нæкусати Барис æвардта хæдзари бундор. Гъæйдæ æма ме 'мбæлтти бавзарон, зæгъгæ, цалдæремæ фæххабар кодта. Етæ ба фегъосун кодтонцæ иннетæн. Æма мæнæ сæумæраги æ дуармæ 'рбалæудтæнцæ къуарæй. Цалдæребæл си синхæгтæ милици уæледарæс ку фæууидтонцæ, уæд сæ размæ аййевæй бацæугæй бафарстонцæ сæ синхаги, ци 'рцудæй, зæгъгæ. Е дæр син гиризгæнгæй уотæ ку зæгъидæ: «Мæнæ мæ ихуæрститæ 'рбацудæнцæ хæдзари бундор мин æвæрунмæ...» Уой райгъосгæй, æ фарсмæ ци синхаг лæудтæй, е æй басхуста, цитæ дзорис, зæгъгæ, æхуæдæг рафæлорс æй, уотемæй.

Фал уæдмæ милици косгутæ райййивтонцæ сæ уæледарæс косæн дзаумæуттæй æма æцæгæйдæр ниххизтæнцæ урух арф къахтмæ æма бавналдтонцæ блоктæ æвæрунмæ. Æма уæд синхæгтæ дæр ниххудтæнцæ.

Нæуæг Бæтæхъойгъæуккаг Хъæцмæзти Альбертмæ дæр æрæмбурд æнцæ æма ин искъахтонцæ хæдзари бунмæ ниггæндæ. Аци æмбæлттæй еске си естæй фæдбæл ку батухсуй, уæд агъазгъæуагæй хеуонтæй дæр раздæр е 'мбæлттæмæ æрхатуй. Æма Æлбегати Валоди куд загъта, уотемæй уонæй еу дæр æхе еуварс нæ раздахдзæнæй.

Зонунцæ æмбæлттæ кæрæдзей туххæй еугур хабæрттæ дæр. Будайти Ярослав æма Æлбегати Валодийæй фæстæмæ иннетæн ес хе бийнонтæ, цæуæт, цæунцæ кæрæдземæ цийни дæр æма зини дæр. Цæрунцæ Иристони алли рауæнти: ка Мæздæги, ка Лескени, ка Елхотти, Мæрзойти Олег косуй Рахесфарси райони завод «Исток»-и гъæуайкæнуйнади хайади, Зæнгиати Олег иссæй милици капитан, косуй медгъуддæгути министради экономикон фудракæндти нихмæ тохи управлений, Козати Сергей æй Дзæуæгигъæуи Иристойнаг зилди медгъуддæгути хайади сержант, Бугати Феликс – Рахесфарси райони медгъуддæгути хайади косæг, Нæкусати Барис косуй телемеханикæй Æрхонки, Æлбегати Валоди æй аразæг, Арсæгти Мосей – маршрутон таксий шофер, Василий Беглецов – æфсæйнаги бардар, слесæр-инстументтæ аразæг, ОЗАТЭ-й косæг, Будайти Ярослав – фермер, Дрети Геуæрги – бильярди федераций сæрдар, Танхълати Руслан – бильярди федераций косæг æма уотæ идарддæр.

Æмбæлттæй кефæнди дæр бафæрсæ иннети туххæй, æма дин радзордзæнæй дессаги хабæрттæ, уой дæр уотæ лæмбунæг æма зæгъдзæнæ, атæ еу мади цæуæт, æнсувæртæ 'нцæ. Уотæ адтæй аци хатт дæр. Инсæй анзей фæсте инсæйæймаг хатт æрæмбурд æнцæ æфсæддон æмслужбæгæнгутæ. Сæ фембæлдмæ æрхудтонцæ сæ хестæрти, сæ мадтæлти æма фидтæлти, сæ цардæмбæлтти, сæ цæуæти, цæмæй етæ дæр зонгæ уонцæ.

Уæхæн фембæлдмæ фиццаг хатт адтæн хунд, æма мæмæ хъæбæр цæмæдесаг фæккастæй. Хестæртæ куддæр базонгæ 'нцæ, уотæ мæнæ рагон лимæнти хузæн, сæ астæу байеудагъ æй сæ цæуæти æма уони цæуæти туххæй зæрдиаг дзубанди. Кæрæдзей цума рагæй зудтонцæ. Уогæ, фæсауууонмæ зудтонцæ. Сæ цæуæт син сæ кой фæккæнунцæ, уомæ гæсгæ фиццаг хатт фембæлгæй, æнæ байамонгæй дæр базудтонцæ кæрæдзей.

Цалинмæ фингитæ рæвдзæ кодтонцæ, уæдмæ рафæрститæ кодтон фембæлди архайгути. Мæнæ куд загъта Бигъати Валоди æфсади службæ кæнуни туххæй: «Нуртæккæ еуæй-еуетæ æфсадæй тиллеф кæнунцæ. Æма рæдуйунцæ. Ке зæгъун æй гъæуй, зин æй æфсади службæ кæнун. Фал зиндзийнæдтæй тæрсун нæ гъæуй. Мах си адтан æнæгъæнæ дууæ анзи æма еу мæйæ. Æфсæддон цардиуагæ дæр æригон адæймаг гъæуама æнæмæнгæ бавзара. Мах цардан, кæрæдзей нимайгæй, кæрæдзей уарзгæй, еумæ хæларæй службæ кодтан узбекæгтæ, украинæгтæ, дагестайнæгтæ, цæцæйнæгтæ, мæхъæлæнттæ, тæтæйрæгтæ, молдавайнæгтæ, раздæри Советон Цæдеси иннæ адæмихæттити минæвæртти хæццæ. Æма уомæй нæ уодигъæдæ берæ хуарздзийнæдтæй фæххайгин æй. Æз уотæ зæгъуйнаг дæн: нуртæккæ æ бицуеуи æфсадмæ ка нæ уадзуй, е рæдуйуй. Нæ адæм Уасгергимæ ковгæй куд фæззæгъунцæ: «Байрагæй бæхгæнæг, биццеуæй лæггæнæг...», уотæ æфсад дæр æй фæсевæди гъомбæлгæнæг, æ барæ æма уоди фарнæ æхседагæ. Æфсади ка баслужбæ кæнуй, е уордигæй рахæссуй æцæг лæгдзийнади менеугутæ, царди фæззелæнти архайунмæ арæхстдзийнадæ. Уоми бахседуй фæсевæди лимæндзийнадæ æма æмбаладæ, мæнæ мах æхсæн куд бахсистæй, уотæ...»

Æмбæлттæй кæмæндæрти сæ бон нæ бацæй фембæлдмæ 'рбацæун. Ка си идард рауæн æй нуртæккæ, ке ба нури доги хæлхъой увæври цаутæ бакъулумпи кодтонцæ, фал сæ хъæбæр ке фæндадтæй фембæлдмæ 'рбацæун, е бæрæг æй мæхъæлон Тамерлан Харсиеви дзубандийæй дæр. Е æрæги фембалдæй Бигъати Валодий хæццæ æма ин уотæ загъта:

– Кæд нæ адæмти 'хсæн дæс анзей размæ бæлах æрцудæй, уæддæр уой зонæ, Валоди, æма æз ме 'фсæддон æмбæлтти хæццæ ци рæстæг рарвистон, ци къæбæр-цæнхæ бахуардтон, уобæл гадзирахаттæй некæд рацæудзæнæн!..

Æз фæууидтон, кæрæдзей хæццæ куд уарзон æма лимæнæй дзурдтонцæ раздæри æмслужбæгæнгутæ. Финги уæлгъос æрбадун кодтонцæ сæ фидтæлти æма мадтæлти, сæ бийнонти, кæстæрти, сæхуæдтæ ба син лæггадæ кодтонцæ. Уомæй дæр бæрæг адтæй сæ ездондзийнадæ. Æримисиуонцæ се 'фсæддон царди еуæй-еу цаутæ, æма уæд сæ ходун игъустæй идæрдтæбæл. Еуæй-еу хатт пайда кодтонцæ, айдагъдæр сæхецæн зундгонд ка адтæй, уæхæн фæсномуг нæмттæ æма дзурдтæй, гъома, цæмæй хунд адæм син ма балæдæронцæ сæ хецæн сосæгдзийнæдтæ, уомæ гæсгæ... Бæрæг адтæй, алкæмæн дæр си хъæбæр æхцæуæн ке адтæй сæ фембæлд.

Хестæртæ рауагътонцæ гагидауæ сæ кæстæрти цардамонди туххæй, цæмæй сæ лимæндзийнадæ макæд фæккеуа æма син уа сæ царди нифс æма федар бундор.

* * *

***Аци æрмæг мухур кæнæн, æ рæстæги 'й ЦЪЕБОЙТИ Сергей куд ниффинста æма газет «Рæстдзинад»-и кутемæй мухургонд æрцудæй (2003 анзи 31 июли), уотемæй. Уой дæр уомæ гæсгæ, æма си ке кой цæуй, уони фæстæдæри ирисхъæ идарддæр куд рауадæй, уой нæ зонæн. Æма нæ зæрдæ дарæн, уой туххæй нин кæдимайди ба фегъосун кæниуонцæ, хабæрттæ бæлвурдæй ка зонуй, етæ.***

**Иристони номдзуд лæг, социалистон Фæллойни Бæгъатæр, историон наукити доктор Кокайти Алихани фурт Саламгерийи райгурдбæл 15 июли æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1921-2001).**

## КÆСТÆРÆН – ГЪОСИ ХАЙ, ЦÆМÆЙ ЗУНДДÆТТÆГ ЗАГЪДМÆ ИГЪОСАГÆ УА!..



# РÆСТВÆНДАГ УОТÆ, НÆ СÆРÆН ФÆСЕВÆД!..

Аци анз Дигори районի скъолати фæндараст загътонцæ дууадæс æма цуппаринсæй рауагъдонемæн. Æма сæ еугуремæн дæр еци хабар цийнаг куд нæ уодзæнæй, уæлдай æхцæуæн ба е æй, æма сæ удуæлдай фæллойни фæрци, зонундзийнæдтæмæ разæнгардæй турнундзийнади уæлдай æнтæстгиндæрæй ка фескъуæлхтæй, уонæн – рауагъдонтæй æхсæз æма инсæйемæн аккаггонд æрцудæнцæ сугъзæрийнæ æма æвзестæ майдантæ. Районի ахуради къабази анзфинсти уæхæн бæрзонд бæрæггæнæнтæ нуриуæнгæ нæма адтæй.

Ахури гъуддаги уæлдай æнтæстгиндæрæй ка фескъуæлхтæй, еци рауагъдонти кадæн æрæги Дигори районի администраций азгъунсти арæзт æрцудæй сæрмагонд цитгингæнæн мадзал. Уоми син зæрдиагæй райарфæ кодта районի администраций сæргълæууæги ихæстæ æнхæстгæнæг **Хохойти Валери**. Æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй аци искурдиадæгин фæсевæд æнцæ айдагъ сæ нийиергути æма ахургæнгути нæ, фал æнæгъæнæ районի сæрустурдзийнадæ æма нифс.

– Æма еугурей дæр зæрдиагæй фæндуй, цæмæй æнтæстгинæй куд исахур кæнайтæ уæ равзурст дæснийæдтæбæл, уæ размæ ци нисантæ æвæрд цæуй, уонæмæ федар къахдзæфтæй, гъæддухæй куд цæуайтæ, – загъта е.

Уой хæццæ ба ма син зæрдæ байвардта уомæй дæр, æма багъæуаги алкæддæр сæ бон ке æй районի хецауади агъазмæ æнгъæлмæ кæсун.

Сугъзæрийнæ майдантæ райстонцæ: Есети Лианæ, Тогузати Алан, Калоти Евæ (сахар Дигорай 1-аг астæуккаг скъола), Мурити Данæ, Цалити Янæ, Цæголти Анастасия, Габолати Дарья (сахар Дигорай 2-аг астæуккаг скъола), Гергити Виктория, Хæтæгти Миленæ, Цæрæкти Зæлинæ (Хъармани гъæуи скъола), Томайти Самирæ, Габети Арнелæ (станицæ Николаевскаяйи скъола). Æвзестæ майдантæ райстонцæ: Калоти Сарæ, Хадзити Ладæ, Цæрикъати Аринæ, Æгъузарти Бэллæ (сахар Дигорай 1-аг астæуккаг скъола), Хадати Александр, Хъæрданти Аминæ, Гокъоти Аланæ, Цъебойти Аминæ, Годизти Алинæ, Дзарагасти Петр, Сæбанти Заремæ (сахар Дигорай 2-аг астæуккаг скъола), Бекъойти Аннæ, Магати Анжеликæ, Зурапти Сæрмæт (Хъармани гъæуи астæуккаг скъола).

Разæнгардгæнæг арфитæ рауагъдонтæн загъта Дигори районի ахуради хайади хецау **Цæголти Натэлæ**. Куд баханхæ кодта, уотемæй Дигори район скъолати педагогон коллективтæ ахурдзаутæн дæттунцæ хуæрзгъæдæ ахурадæ, кæций фæрци фæсевæди бон фæууй фадуат идарддæр ахур кæнунмæ бацæуунæн нæ бæсти уæлдæр ахургæнæндæнттæмæ.

Нийиергутæ æма рауагъдонтæ зæрдиагæй райарфæ кодтонцæ сæ ахургæнгутæн, еуæндæс анзей дæргъи сæ фарсмæ ке адтæнцæ, сæ усхъæ сæмæ ке дардтонцæ багъæуаги, æновуд сæбæл ке адтæнцæ æма характеттæй син ке хай кодтонцæ сæ берæ æма федар зонундзийнæдтæй. Уæлдай рæсугъд арфитæ ба ракодтонцæ Хохойти Валерийæн, алæмæти зæрдæмæддзæугæ бæрæгбон син ке исаразта, уой туххæй.

***КЪОРНАТИ Тамерлан***

## ÆНÆНЕЗ УОТÆ!..

# АЛЛЕРГИЙÆЙ УÆХЕ БАГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ!..

Июли æстæймаг бон къæлиндари нисангонд æй, куд аллергион незти хæццæ тох кæнуни еугурдуйнеуон Бон. Незихатт не 'руадзуни къуæре нæ республики райдæдта 6 июли æма рахъæртдзæнæй мæйи дууадæсæймаг бони уæнгæ.



Зæнхи цъарæбæл цæргутæй сæ фулдæремæн, аци нез ци бауæргъæдтæ расайунцæ, уонæн сæ иммунон системæн зиан нæ хæссунцæ, иннетæн расайунцæ аллергикон незтæ. Бауæрмæ ку бахауй, уæд сæ нихмæ ниллæууй, антителатæ 'взурун кæнун райдайуй. Дуйней сæдæгай миллион адæймаги 'нцæ аллергион ринитæй сæйгæ, 300 миллиони ба – астмæй. Аци незтæ зингæ фæллæгъуздæр кæнунцæ пациенттæ æма сæ бийнонти цард.

Нези 'вдесæнтæ – тухгин æхснирсæг, цæстисуг нæ уорамуй, бауæр рафадуй, адæймаг исæнæфæразгæ уй. Гæнæн ес, æма аллергенæй цардæн тæссаг уавæр дæр исæвзура. Гъулæггагæн, сæйгити нимæдзæ фулдæргæнгæ цæуй, нез идарддæр зæнхи цъарæбæл парахат кæнуй. Уæлдай ахиддæр расайуй астмæ, æхснирсæг, удурнæ, бауæр рафадуй, хъури дадзинттæ исæхгæнунцæ, хуæруйнаги æма хуастæй аллергийæ, саскъи маргмæ аллергийæ, уæдта цардæн еугуремæй тæссагдæр анафилактикон шок.

Ци хузи ес хе багъæуайгæнæн деденæг калун афони? Фадуат ку нæ уа еци рæстæг уордигæй æдас рауæнмæ рандæунæн, уæд уин фæдзæхсæн: æстæндæр цотæ гъæунгæмæ, æрдзи гъæбесмæ, уæ къæрæзгитæ æхгæдæй даретæ, пайда кæнетæ нуриккон уæлдæф кæдзосгæнæн системитæй, аллибон дæр цæрæнуат æфснайетæ цъифæ хæцъелæй, уæдта гъæунгæй æрбацæуни фæсте уæхе æртайетæ.

Уæхебæл ку фæссекк уайтæ, аллергийæ мæмæ ес, зæгъгæ, уæд уæхе уæхуæдтæ исдзæбæх кæнунбæл ма архайетæ! Айдагъдæр дохтир – аллерголог-иммунолог рабæрæг кæндзæнæй, цæмæй фæззиннунцæ нези бæрæггæнæнтæ, уой, æма равзаруй, циуавæр хуастæ ахедгæдæр уодзæнæнцæ сæ исесунæн, байамонуй аллибони цардиуагæ куд райаразун гъæуй, уæдта циуавæр хуæруйнæгтæ хуæрун не 'нгъезуй, уой. Æнæнгъæлти уолæфт ку исæхгæна, цæсгон æма хъуртæ ку рарæсуйуонцæ, тоги æлхъивдадæ ку 'рхауа, адæймаг ку балæгъуз уа, уæд æвæстеуатæй фæдздзорун гъæуй тагъд медицинон агъазмæ.

Уе 'нæнездзийнадæмæ уæ гъос даретæ æма ма уадзетæ аллергийæн царди фæтткæ ихалун!

***Æхсæнадон æнæнездзийнадæ æма медицинон профилактики республикон центр***

## ÆРГОМ ЗАГЪД ЦÆСГОНБÆЛ ИГАКÆ ÆФТАУЙ...



Еу лæги, дан, æрахæстонцæ æ давæн миути туххæй. Ахæстдонæмæ 'й куд кодтонцæ, уотемæй ибæл исæмбалдæй еу цæмæдес лæг æма 'й фæрсуй, уоййасæбæл ци фуд ракодтай, зæгъгæ.

– Надбæл еу бæттæн иссирдтон æма 'й рахастон…

Уæд фæрсæг лæг никки хъæбæрдæр ниддестæ 'й:

– Гæрр, лæг надбæл бæттæн ку иссера, уæд æй уой туххæй æфхуæрун гъæуй?!

– Бæргæ уотæ 'й, фал еци бæттæни кæронбæл цидæр баст адтæй, – нийнæфгæй загъта ахæст лæг.

– Уанæбæрæг ибæл ци дессаг баст адтæй?

– Къамбец, къамбец…

***

*Æма уæхæн дессæгтæ ба фæстаг рæстæгути минкъий æрцудæй æма нерæнгæ дæр ма цæуй Уæрæсей. Еу «раун-циуон» иссирдта хæтæл æма 'й, ескæми мин бабæздзæнæй, зæгъгæ, рахаста. Уой кæронбæл ба дин ку разиннидæ… нефтамалгæнæн æма артагуадзæн агъазиау кустуæттæ… Ка си давæгдæр æй дууæ лæгемæй: къамбецбæл баст бæттæн иссерæг, æви нефти хæтæл фæйймалгæнæг? Цидæр æй, уæддæр фиццаг лæги хузæн, давæг дæ, зæгъгæ, дуккаг лæги некема æрахæста, уæдта 'й, æвæдзи, ахæсгæ дæр не 'ркæндзæнæнцæ. Е давæгбæл нимад нæ цæуй, уомæн æма хæтæлбæл фæххуæст æй закъони фæрци, азуймаг приватизаций закъони фæрци.*



**Александр НОВАК, Уæрæсей Федераций хецауади Сæрдари хуæдæйййевæг, кæддæр, Уæрæсей энергетики министр ма уогæй, нæ бæстæмæ фæсарæнтæй асландæр бензин ласунбæл тобæгонди туххæй уотæ загъта: «Уотæ уомæ гæсгæ бакодтан, цæмæй багъæуай кæнæн нæхе нефтигустгæнæг къабазæ…»**

***

Æ загъд кæд зæрдæмæдзæуæги хузæн æй, уæддæр, хецаудзийнади бæрзондбадгути налатдзийнадæ зонгæй, уотæ æнгъæл ан, æма æ мæтæ фулдæр фидибæстон нефтигустгæнæг къабази ирисхъæбæл уоййасæбæл нæй, фал æй, еци къабази кустуæттæ ке есбойнади æнцæ, уони æфтуйæгтæ ма фæмминкъийдæр уонцæ, уобæл. Æндæра е куд æй, нефти дуйнеуон аргъ ку фæббæрзонддæр уй, уæд æнæгъæнæ дуйней дæр æма Уæрæсей дæр артаги аргъ фæббæрзонддæр уй, фал нефть фæййаcландæр æй, зæгъгæ, уæд фæсарæнти артаги аргъ фæнниллæгдæр уй. Æцæг Уæрæсей ба нæ – махмæ ба айдагъ еци бæрзондæй нæ байзайуй, фал ма ибæл никкидæр бафтуйуй. Баруагæсæн уин – мæнæ нури уавæр транспортон артаги хæццæ…



**Антон ЧЕХОВ (1860-1904), финсæг: «Æ цъамар миути бæрзондæй ракастæй дуйнемæ…»**

***

Гъе уæхæн бæрзондæй кæсæг цъамарти фудæй æнцæ нæ абони гъезæмæрттæ. Уонæн ци 'й – æфсæрми ци 'й, уой зонгæ дæр нæ кæнунцæ, кæд æй зонунцæ, уæддæр сæмæ нимади дæр нæй. Фал си мах ба цæмæн æфсæрми кæнæн? Нæ бауæрæй нин тог цъирун ка равзаруй, еци саскъи уайтæккæ ку ниллицъæ кæнæн. Етæ ба нин, адæмæн дæр æма паддзахадæн дæр нæ цардгъондзийнади тогтæ ку цъирунцæ, уæд син гъæуама куд бухсæн?!.



**Алексей ГОРЬКИЙ (1868-1936), финсæг: «Гъæуама алли листæг гъуддæгути дæр рæстзæрдæ уай…»**

***

Уотæ бæргæ ку уайдæ, фал… Нæ цардиуаги гъуддæгутæ хузæнон кæнунæй комкоммæ ихæсгин ка 'й, уонæмæ етæ æгæр листæг кæсунцæ æма сæмæ се 'ргом уоййасæбæл нæ хатунцæ. Уотемæй сæмæ сæхе цийфæнди листæг гъуддæгутæ уоййасæбæл агъазиау кæсунцæ æма уони аразунæн сæхебæл, растдæр зæгъгæй ба, еугурадæмон фадуæттæй пайда кæнунбæл еци «рæстзæрдæй» æгириддæр нæ ауæрдунцæ.

**Номдзуд ахургонд, медицинон наукити фиццаг ирон доктор Мисиккати Асланихъой фурт Мæхæмæти райгурдбæл 15 июли æнхæст кæнуй фондз æма авдинсæй анзи (1881-1937).**

***Владимир КОРОЛЕНКО (1823-1921), писатель: «Можно написать какие угодно справедливые и нравственно-возвышенные законы, но, если они не находят живых корней в душевной почве современников, - они останутся мертвой буквой... Нравственное начинается лишь там, где кончается личное. Только по отношению к другим, к обществу оно и может проявляться...»***

**НИКТО ТАК НЕ ГЛУХ К БЛАГОРАЗУМИЮ, КАК ТЕ, КОТОРЫЕ НЕ ЖЕЛАЮТ СЛЫШАТЬ...**



Фото из социальных сетей.

# ТОПЛИВНЫЙ КРИЗИС

## Россию зря называли «бензоколонкой», у нас «экономика трубы», а сейчас – «экономика танкеров»

Россия переживает острый топливный кризис – острую нехватку нефтепродуктов. Его ярким выражением являются длиннющие очереди автомобилей на автозаправочных станциях (АЗС). Практически во всех регионах Российской Федерации, включая Москву и Московскую область.

Для объяснения этого кризиса власти стали прибегать к использованию такого эвфемизма, как «остановка нефтеперерабатывающих заводов (НПЗ) на внеплановый ремонт». Речь идет о полной или частичной остановке ряда нефтеперерабатывающих заводов, по которым были нанесены удары украинскими беспилотниками.

Обзоров по количеству НПЗ, которые получили повреждения от ударов беспилотников, по соответствующим стоимостным ущербам, а также по снижению производства нефтепродуктов, в российских СМИ очень много. К сожалению, большинство цифр являются не официальными, а сделанными российскими и зарубежными экспертами. Так, по данным Reuters, из-за атак дронов производство бензина в России упало на 25% по сравнению с июнем прошлого года.

Власти подобные цифры не подтверждают и не опровергают. Правда, в последние дни июня появились и некоторые официальные цифры.

Росстат 24 июняопубликовал данные о промышленности Российской Федерации за май нынешнего года. Производство нефтепродуктов в России в указанном месяце оказалось ниже на 13,5% по сравнению с маем 2025 года.

Если сравнивать май 2026 года с апрелем этого же года, то производство нефтепродуктов сократилось на 2,6%. Росстат также сообщил, что в мае автомобильный бензин подорожал на 0,9% по сравнению с апрелем, а в годовом выражении – на 12,9%.

То есть признаки топливного кризиса были уже налицо весной этого года. Но ведущие СМИ этого предпочитали не замечать, а власть бездействовала. А на Питерском форуме в начале июня о нарастающем кризисе на российском рынке нефтепродуктов вообще не говорили.

Только что Петербургская биржа выложила данные о торговле нефтепродуктами за первую половину нынешнего года.

Продажи бензина по сравнению с первым полугодием 2025 года сократились в физическом выражении на 13,5%. Реализация авиакеросина снизилась на 32,3%. Объем продаж топочного мазута уменьшился на 9,4%.

В июне продажи бензина упали на 23,9% по сравнению с июнем 2025 года, дизельного топлива – на 35,4%, авиакеросина – на 62,8%, топочного мазута – на 7,1%. В целом в июне объем торгов нефтепродуктами сократился на годовой основе на 24,5%.

Приведенные цифры Росстата и Питерской биржи несильно отличаются от большинства оценок независимых экспертов (которых пытались даже обвинять в том, что они, мол, «нагнетают обстановку»).

Продолжающийся топливный кризис лишний раз заставляет нас задуматься о том, как устроены российская экономика и управление ею.

Российский гражданин, помнящий о разных «перестройках» и «реформах» времен Горбачева и Ельцина, готов к любым товарным дефицитам. Но уж никак не мог он себе представить дефицит бензина и других нефтепродуктов. Еще в 90-е годы Россию обозвали «бензоколонкой». Мол, она в результате стремительной деиндустриализации уже не способна производить никакую сложную промышленную продукцию. И может выступать лишь поставщиком нефтепродуктов на мировой рынок.

Из всего многообразия отраслей промышленности, доставшихся Российской Федерации в наследство от Советского Союза, осталось очень немного. И в первую очередь это нефтедобыча и нефтепереработка. В 1990 году в СССР было добыто 570 миллионов тонн нефти (включая газовый конденсат). Львиная доля добычи – 516 млн тонн – пришлась на РСФСР.

В целом по СССР в 1990 году действовало 46 нефтеперерабатывающих заводов (НПЗ). По их суммарной мощности и производству автомобильного бензина Советский Союз уступал только США. В РСФСР действовали 27 НПЗ. Среди крупных заводов того времени можно назвать заводы в Омске, Ангарске, Кстове, Киришах, Грозном, Уфе. На долю РСФСР в 1990 году приходилось 65,3% от всей переработанной в СССР нефти.

Примечательно, что в советское время нефтяной сектор экономики характеризовался следующими особенностями.

Большая часть добываемой нефти шла на переработку и производство широкого спектра нефтепродуктов внутри страны.

Незначительная часть сырой нефти шла на экспорт.

Большая часть производимых нефтепродуктов направлялась на внутренний рынок и лишь небольшая часть – на экспорт.

Дмитрий Иванович Менделеев в свое время говорил, что «черное золото» – ценнейший ресурс, который следует использовать для производства других товаров. И не только керосина, бензина, солярки, но также для широкого ассортимента нефтехимии.

А жечь сырую нефть, как говорил Менделеев, все равно что жечь ассигнации в печке. А потому и в советское время считали, что отправлять сырую нефть на экспорт – все равно что жечь деньги в печке.

Помню, когда на рубеже 60–70-х годов я учился в МГИМО на отделении «Экономика внешней торговли», нам говорили, что эффективность экспорта нефтепродуктов на порядок выше, чем вывоз сырой нефти (да, тогда умели считать эффективность экспорта любых товаров, сегодня об этом никто не вспоминает).

Помню, нам говорили, что многие нефтедобывающие страны (большинство которых входили в ОПЕК) экспортируют сырую нефть, а не нефтепродукты.

А это признак того, что страна находится в неоколониальной зависимости от Запада, который пользуется дешевым сырьем. И первым шагом в деле освобождения от неоколониальной зависимости таких стран должно стать создание ими своей нефтеперерабатывающей промышленности и переход от экспорта сырой нефти к производству и экспорту нефтепродуктов.

Приведу теперь некоторую конкретику по советской истории. В 1930-е годы на экспорт сырой нефти уходило сравнительно мало. Например, в 1939 году около 2,2% от общесоюзной добычи. «Черное золото», естественно, после переработки в нефтепродукты, было крайне необходимо внутри страны для проведения индустриализации. До 1970-х годов доля экспортной сырой нефти имела некоторую тенденцию к росту, но не выходила за пределы 10%.

В 1970-е годы, когда цены на «черное золото» на мировом рынке резко подскочили (после так называемого «энергетического кризиса» 1973 года), показатель пробил планку в 10%. В отдельные годы доля достигала 25% и даже выше.

Правда, большая часть сырой нефти шла в страны социалистического лагеря (страны-члены Совета экономической взаимопомощи) и оплачивалась последними в рамках многостороннего клиринга переводными рублями. За доллары странам Запада продавалось всего несколько процентов добытого «черного золота».

Во второй половине 1980-х годов, когда началась горбачевская «перестройка», доля направляемого на экспорт сырого «черного золота» выросла до 35–38%.

В этот период СССР стал активнее поставлять нефть за свободно конвертируемую валюту (доллары), чтобы получить валюту для импорта оборудования и продовольствия. Уже тогда противники «перестройки» стали говорить о тех угрозах, которые несут стране горбачевские реформы. И одной из угроз они называли возможное превращение индустриального государства в экономику «трубы». Даже не в «бензоколонку», а именно в «трубу».

Возникшая на развалинах Советского Союза Российская Федерация наглядно продемонстрировала, что ее экономика действительно подобна «трубе». По трубопроводам в Европу стала поставляться все большая часть добываемой в стране сырой нефти. Приближаясь к половине. Вот данные аналитической службы «Альфа-инвестор» по доле добытой в России нефти, отправленной на экспорт в сыром виде по годам (%):

2013 г. – 45,2; 2014 г. – 42,9; 2015 г. – 46,2; 2016 г. – 48,1; 2017 г. – 47,2; 2018 г. – 50,0; 2019 г. – 51,9; 2020 г. – 51,1; 2021 г. – 47,9; 2022 г. – 49,0; 2023 г. – 47,5; 2024 г. – 48,5.

В 2025 году, по оценкам «Альфа-инвестора», в России добывалось в среднем около 10 млн баррелей сырой нефти в сутки, из которой порядка 45% отправлялось на экспорт, 52% перерабатывалось в нефтепродукты, и очень небольшая часть потребляется в исходном виде.

Да, за рубеж поставлялась также переработанная нефть. Но ее доля была существенно меньше, чем доля сырой нефти. Так, по оценкам «Альфа-инвестора», в прошлом году внутри страны осталось только 30% добытой нефти. Как выше отмечено, 45% добычи было вывезено в виде сырой нефти, еще примерно 25% добытой нефти было экспортировано уже в виде нефтепродуктов. Превышение экспорта сырой нефти над экспортом переработанной нефти (в физическом выражении) составило 1,8 раза.

Данные по стоимостным объемам экспорта сырой нефти и экспорта нефтепродуктов также дают основания утверждать, что сырая нефть превалирует. По моим оценкам, базирующимся на стоимостных показателях экспорта сырой нефти и нефтепродуктов, первый превышает второй примерно в два раза.

Оценки примерные, поскольку с 2022 года официальные данные об экспорте сырой нефти и нефтепродуктов закрыты. Следовательно, экономику «демократической» России следует называть не «бензоколонкой», а «трубой». Правда, сегодня слово «труба» не очень подходит, поскольку нефтепроводы, идущие в Европу, заблокированы, и все большая часть сырой нефти из России экспортируется по морю. Может быть, Россию назвать экономикой «танкеров»?

Возвращаюсь к сегодняшнему топливному кризису. Парадоксально, но те, в чьих руках находится нефтяная экономика России, предпочитают максимизировать вывоз сырой нефти из страны (видимо, им безразлично, что такой вывоз имеет все признаки колониального ограбления России).

А такая максимизация осуществляется в том числе (и в первую очередь) путем минимизации поставок «черного золота» на НПЗ. Объемы поставок сырой нефти на НПЗ стали определяться «прожиточным минимумом» российских предприятий и российских граждан, которым нужны бензин, солярка, керосин, дизель и другие нефтепродукты. И никаких излишков и резервов.

Запад, который ведет уже пятый год войну против России, все это учел. И ударами европейско-украинских БПЛА нарушил хрупкое

***Михаил ЗАДОРНОВ (1948-2017), финсæг: «Ес уæхæн рагон загъд: «Цийфæнди фарста дæр æй æнтæстдзийнадæмæ нади райдайæн, æ нисанеуæг ин ку лæдæрай, уæд...» Нæ абони сагъæссагдæр фарста – хуæрунæй, давунæй, мæнгæттæ дзорунæй нин бафсес нæбал ес. Кæрæдзебæл гадзирахаттæй цæуæн, кæрæдзей сайæн. Хуæруйнаггæнæг давуй катлет, депутат ба – æфсæнвæндаг...»***



**ЦИЙФÆНДИ ХУАРЗ УНАФФÆ Æ ИСÆНХÆСТ КÆНУНÆЙ АХЕДГÆ 'Й...**

равновесие между спросом и предложением на российском рынке нефтепродуктов.

Конечно, у России был некоторый резерв в виде экспорта нефтепродуктов, который можно перенаправить на внутренний рынок. И это было сделано путем введения ограничений и запретов на экспорт нефтепродуктов из России. Но, судя по всему, этого резерва не хватило для компенсации резко снизившегося производства на российских НПЗ.

А теперь представьте, что было бы, если бы Россия была не «экономикой трубы», а «экономикой бензоколонки»? Если бы она поставляла на внешний рынок не сырую нефть, а нефтепродукты? Если бы гигантский экспорт сырой нефти был превращен в экспорт бензина, дизеля, авиационного топлива и прочих нефтепродуктов?

Во-первых, у нас были бы дополнительные валютные доходы, измеряемые десятками миллиардов долларов в год. Во-вторых, у нас была бы возможность маневра и быстрого замещения потерь за счет переориентации экспорта нефтепродуктов на внутренний рынок.

Но для этого надо было развивать нефтеперерабатывающую промышленность. А мы ее почти не развивали. За три с половиной десятилетия Российской Федерации было построено лишь два крупных НПЗ: Антипинский (позднее – Тюменский НПЗ) и ТАНЕКО (Татарстанский нефтеперерабатывающий комплекс).

Очень скромно, учитывая, что всего в Российской Федерации три десятка крупных НПЗ. То есть мы довольствовались преимущественно тем, что получили в наследство от Советского Союза. А между тем на ряде НПЗ в июне начался так называемый «внеплановый ремонт». Сырая нефть на такие НПЗ перестала поступать. А куда же ее девать? На внешний рынок! Так что кое-кто, кто привык делать деньги на вывозе сырой нефти, оказался бенефициаром нынешнего топливного кризиса.

Я ничего не придумываю. Только что агентство «Блумберг» опубликовало материал «Топливный кризис продолжается, а вместе с тем Россия ставит новые рекорды по экспорту сырой нефти». (Russia boosts crude oil exports to record while prices tumble.)

Приведу ключевую фразу этой статьи: «За четыре недели до 28 июня Россия экспортировала 4,13 миллиона баррелей нефти в сутки, что является рекордным показателем». Уточняется: «Это самый высокий показатель с момента ввода российских войск на Украину в 2022 году». Образно выражаясь, острейший дефицит нефтепродуктов на внутреннем рынке России обернулся рекордным профицитом российской сырой нефти на мировом рынке. Есть о чем задуматься.

***В.Ю. КАТАСОНОВ,***
***профессор***
***Газета «Советская Россия», от 7 июля 2026 года***




**Нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло æрæги бабæрæг кодта «Роснефть», «Газпром», «Лукойл»-и артагæвгæнæн кустуæттæ æма æ загъдмæ гæсгæ си æргътæ нæ фæббæрзонддæр кодтонцæ. Мадта уæд иннæ рауæнти ба уотæ цæмæннæ 'й? Ци син нæ фагæ кæнуй? Æвæдзи, цæсгондзийнадæ æма æфсармæ... Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.**

# ФУДРАКÆНÆГ АЗАПГОНД КУ НÆ ЦÆУА...

Æмбурди радзубанди кæнгæй, Сергей Меняйло фегъосун кодта, æрæги ке бабæрæг кодта артаг æвгæнæнтæ «Газпром», «Лукойл» æма «Роснефть». Æма си куд фæуиидта, уотемæй уонæми артаги æргътæ уæлæмæ нæ исистонцæ. Фал нæ республики иннæ уæхæн объектти ба, сæрмагонд бæрæггæнæн анализи фæрци куд рабæрæг æй, уотемæй артаги аргъ исбæрзонд кодтонцæ. Уой фæдбæл региони разамонæг уотæ загъта:

– Цæгат Иристони фондз æма инсæй артаг æвгæнæнемæ ес артаги еугур хузтæ дæр. Дæс æма инсæй уæхæн объекти рæстæгмæ æхгæд æрцудæнцæ, дууинсæйеми ба ес айдагъдæр артаги дууæ хузи. Уæхæн уавæр исæвзурдæй Хъирим æма Севастополи. Уони бафæнзтонцæ махмæ дæр, æма еуæй-еу хецæуттæн рæуонæ фæцæй сæ артаги аргъ уæлæмæ исесун. Нæ уодзæнæй уомæн гæнæн. Æнæнгъæлæги уавæртæй ка пайда кæнуй, æхердæмæ тæлæт кæнун хевастæй ка рафæндæ кодта, уомæн еци барæ лæвæрд нæ уодзæнæй. Нæййес нециуавæр рæуонæ нæ бæсти, цæмæй артаги аргъ исесонцæ. Еугур уæхæн цæлхдортæ еугурæй дæр рæстæгмæ гъуддæгутæ 'нцæ, æма, аци уавæрæн балæдæрæн дæр ес. Еудадзуг тæссаг информацитæ игъусуй, æма æфсæнвæндæгтæбæл вагæнттæ бафæстеуат унцæ. Фал аци гъуддæгутæ еугурæй дæр рæстæгмæ цæлхдортæ 'нцæ, æма лухгонд æрцæудзæнæнцæ.

Уавæр фæххуæздæр кæнуни гъуддаг кæмæй аразгæ 'й, еци къабæзти разамонгутæн республики Сæргълæууæг бафæдзахста бæлвурд мадзæлттæ æвæстеуатæй банхæст кæнун. Нæ республики артаг æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради министрæн байхæс кодта артаг æвгæнæнти хецæутти æрбамбурд кæнун æма си карз дзуапп байагорун, цæй фудæй уæлæмæ исистонцæ æргътæ, уомæй, æма син бæлвурд балæдæрун кæнун, Цæгат Иристони артаги аргъ исесунæн син барæ лæвæрд ке нæ уодзæнæй, уой.

Аци фарстатæмæ бундоронæй каст æрцудæй, Сергей Меняйлой разамундæй Цæгат Иристони промышленнон продукци æнæзакъонæй зелдохи нихмæ архайæг къамисæн æрæги ци æмбурд адтæй, уоми дæр. Бæлвурддæрæй ба си дзубанди цудæй, артаг æма исæрдæн æрмæг æнæзакъонæй аразуни, ласуни æма сæ уæйæ кæнуни нихмæ ци мадзæлттæ нисангонд æрцудæй, етæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уобæл. Цæгат Иристони медгъуддæгути министради экономикон æдасдзийнадæ æма коррупций нихмæ архайæг управлений хецау **Дзантиати Юрий** куд фегъосун кодта, уотемæй нæ республики артаг æвгæнæн станцити тæссаг продукци æма товартæ дарун, ласун æма уæйæ кæнуни цаутæ раргом кæнуни куст æнæрлæугæй цæуй. Аци анзи фондз мæйемæ медгъуддæгути оргæнти косгутæ исбæлвурд кодтонцæ артаг уæйæ кæнуни хæццæ баст еу экономикон фудракæндæ, фараст уголовон гъуддаги арæзт æрцудæй, нефть æма гази хæтæлтæмæ æхе хевæндæй ка бафтудта, уонæбæл.

Æмбурди куд загътонцæ, уотемæй республики ес, нефти продукттæ уадзун æ бон кæмæн æй, уæхæн кустуæттæ. Аци æргъудиддзийнадæмæ гæсгæ уин уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан еу рагонæригон хабар.

Беретæ ма ни гъуди кæндзæнæнцæ, æ рæстæги цæйбæрцæбæл берæ зæрдæвæрæн дзубандитæ цудæй, «Иристони нефть», зæгъгæ, проекти фæдбæл. Æма? Æ кой ма байзадæй, æндæр неци... Ка 'й зонуй, бензин уадзуни фадуæттæ нæмæ ес, зæгъгæ, ка дзоруй, уони загъдбæл бауæндун æнгъезуй, фал уæддæр, «кутемæй, нæ экологий уавæрбæл ба куд фæббæрæг уодзæнæй?», зæгъгæ, фарстатæбæл ба ци дзуапп ратдзæнæнцæ...

Гъуддаг цийфæнди раст æма пайдахæссæг разиндзæнæй, уæддæр, куд нæмæ фæууй, уотæ цалинмæ ракæнæ-бакæнæгонд цæуа, уæдмæ æнгъæлмæ кæсæн? Уотемæй ба нæ абони, æнæмæнгæ æрбунати кæнун гъæуй уавæр? Уой фæдбæл адтæй æ дзубанди Сергей Меняйлойæн дæр гъуддæгутæ рæстмæ аразунæй комкоммæ ихæсгин ка 'й, уонæн байхæс кодта, цæмæй кæрæй-кæронмæ цæстдард цæуа, нефтепродукттæ уæйæгæнгутæ сæ кæми æма кæмæн уæйæ кæнунцæ, уой, цæмæй артаг æма исæрдæн æрмæг æнæзакъонæй уæйæгонд ма цæуа.

Цæстдард цæуй Цæгат Иристони таможни 'рдигæй, республики фæзуатмæ ци артаг æма исæрдæн æрмæг ласт цæуй, уомæ дæр. Еци мадзæлтти фæрци аци анз къохи бафтудæй уæхæн цаути нимæдзæ, 2025 анзи хæццæ рабаргæй фондз хатти фæмминкъийдæр кæнун. Уой туххæй фегъосун кодта региони таможни хецау **Цегойти Георги**.

Æмбурди архайгутæ ма æркастæнцæ интернет-фæзуæтти, уони хæццæ маркетплейсти æнæзакъонæй товартæ уæйæ кæнуни цаутæ ма 'руадзуни фарстатæмæ.

– Абони къамиси ци фарстатæмæ æркастан, етæ хъæбæр ахсгиаг æнцæ, уомæн æма æнгом баст æнцæ нæ республики экономикæ æма æ цæргути фæрнугади хæццæ, - загъта Сергей Меняйло. – Хецауади еугур къæпхæнти оргæнтæ гъæуама алцидæр исаразонцæ базаради, артаг æма энергетики комплекс æма иннæ къабæзти сосæггай уæйæ кæнуни цаутæ ма 'руадзуни туххæй. Мæнмæ гъосункæнуйнаг аллибон дæр фæууй артаг куд хъæртуй æма харзгонд цæуй, уой туххæй. Уавæрмæ еудадзуг лæмбунæг кæсæн. Нæ еугурей ихæс дæр æй артаги продукций æнæзакъон зелдох ма 'руадзун.

* * *

*... Аци æмбурди унаффитæ гъæуама фæййагъаз уонцæ, цæмæй адæми тухсти æфтауæг уавæр еуварсгонд æрцæуа æма æхсæнади медæгæ æнæбундор æзгулитæ ма цæуа. Фал уой хæццæ ба ма уотæ бафæрсун гъæуй: кæдмæ ни гириз кæндзæнæнцæ, адæмæн æнæмæнгæ гъæугæ къабæзти лæггади гъуддæгутæ ци еугай æдзæсгæнтти къохти 'нцæ, етæ? Ке си куд бафæндæуй, уотæ цидæр нæхъæртондзийнæдтæ барæй райаразунцæ, цæмæй син рæуонæ фæууа æргътæ фæббæрзонддæр кæнунæн, æнæуой дæр сæ фулдæрæй-фулдæр æфтуйæгтæ ма никки фæффулдæр кæнунæн. Гъуддаг ку раргом уй, хæлхъойаг ку исуй, уæд, æвæдзи, гъæуама сæ кеми æрцæуонцæ. Фал кæми – æргътæ бæрзондгонд ку æрцæунцæ, уæд уотемæй байзайунцæ. Дзуапдæттæг ба – неке!.. Æма мæнæ нур дæр уотæ нæй? Нефтæй уоййасæбæл алæмæти гъæздуг бæсти артаг адæмæн ма фагæ кæнæд æма гъезæмарæ кæнæнтæ. Нефтамалгæнæн, уомæй артаг цæттæ кæнуни æма сæ уæйæ кæнуни къабæзтæ ци еугай адæймæгути къохти 'нцæ, етæ ба гъуздугæйгъæздугдæр кæнунцæ. Гæрр, хецауадзийнади бæрзонди бадгутæ, кенæ гъуддæгутæмæ цæстдаргутæ уони нæ уинунцæ, нæ сæ зонунцæ?.. Æви... Бæргæ лæдæрæн уой, æма мах республикæ нæй еци фарстатæ мах райаразунгъон, нæ нæмæ ес уæхæн равналæнтæ. Фал уæддæр адæймагæн æ тухсти уомæй æнцондæр нæй...*

*Зунд некæмæн амонæн, уæдта унаффитæ кæнуни ихæс дæр нæхемæ нæ есæн, фал гъæуама лæдæрд ба уа еу гъуддаг: адæмæн дæр æма паддзахадæн дæр фудракæнæг азапгонд ку нæ цæуа, уæд фæстеугутæ хъæбæр нæгъæугæ хузи ку рауайуонцæ, уомæй тæссаг æй...*

***Æрмæг бацæттæ кодта***
***ГÆТИЙТИ Светланæ***

***Номдзуд уруссаг финсæг Александр ГЕРЦЕН (1812-1870) æ уарзон кизгæ Наталья Захарьинамæ уотæ финста: «Ду уотæ тухгин, уотæ бæрзонд дæ, æма дæ финстæгутæ кæсгæй, æз барæ-æнæбари æрлæуун æма деси бацæун. Дæу исгъомбæл кодта уарзондзийнадæ æма еудадзуг хезис уæлдæрæй-уæлдæрмæ... Ка 'й зонуй, еске***

## Хачим ТЕУНОВ

# СÆГУТ

***Ерун си Устур Фидибæстон тугъди ка фæммард æй, мæ еци æнсувæр Абузедайи рохс ном.***



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

### 1

– Тæходуй, кæстæртæ, нур, уодихуасæ ке фæххонунцæ, уæхæн сонгин басæ æма сæгути зæрдæй фезонæг нæ ку фæууидæ!.. – Æрцæуидæ нæ еугурей фæндæ дæр: æ къæхтæбæл ислæууидæ нæ зæронд Анзор…

Ниббор, ниффудхуз, нихъхъамил æй æ цæсгон, уотемæй хустæй Анзор æ фæтæн тъахтинбæл. Æ хуссæни сæрмæ – тар горцъе. Æ уæле цауæйнони топп æма хурдзин ауигъд хъæмай хæццæ. Уæлдæр ба тумбул фæйнæгбæл федаргондæй – мора авгин цæстити хæццæ сæгути сæр.

– Цийфæнди кæрдæг дæр цæргæсæн æ хуайраг нæй, – исарази æй Хаутий Татишев, сурхуадолæ рæсугъд, дарæсмæ гæсгæ гъæубæсти тæккæ къленцдæр.

– Исæмбæлетæ… Исон изæрæрдæмæ, – дзуапп равардта зæронд лæг.

Æма уæззаугомауæй æ уæлтъæфæлттæ байеу кодта дæлтъæфæлтти хæццæ. Еу рæстæги фæсте æ цæститæ фегон æнцæ, кæстæртæбæл зæрдрохсæй æ цæстингас рахаста. Фал æ кизгæ – уорсцъарæ, борхелæ (уæхæнттæ дæр ес Кавкази) Аслижан– æхе куд фæттар кодта, уой нæ базудта.

Аслижан кæстæрти æгъдаудæттæн авармæ бахудта. Тухст дзаман адтæй – тæккæ тугъди фæсте рæстæг, фал уæддæр æгъдау æгъдау æй, æма æ бунати байзадæй: иуазæг ку 'рбацæуа, уæд барæвдауйнаг æй!

Хаутий Татишев куддæр авармæ бацудæй, уотæ си еугур æгъдæуттæ дæр феронх æнцæ. Хестæр, кæстæр ка ' й, е си райронх æй. Бахудтæй:

– Гъенур нин, мæ хъазар Абисал, фескъуæлхунмæ агъазиау фадуат ес!

Æма Таучевмæ, дуккаг кæстæрмæ дзоруй:

– Куд дæ, куд, ду: рæвдзæ кæнис дæхе?

Таучев Абисалæн дзуапп нæ равардта, фал æ цæсгон сурхсурхид рацæй. Цидæр æнахур хузи рацæй Аслижани уорс цæсгон, масти æстъæлфæнтæ фертивтонцæ æ цæститæй. Æ сæр æруагъта.

– Хатир, дæ хуарзæнхæй, бахатир кæнæ! – Хуарзау нæбал фæцæй Хаутий. – Мæрдиронх ми фæцæй, æма æнæкъах ке дæ, е ми феронх æй. Ескæд дæр ма уотæ адтæй, ме 'нсувæр, æма адæймаг аразгæ къахи хæццæ тар гъæдæмæ бахизтæй?! Некæд æма неке!.. Фал дæ зæрдæ æнцад рауæн нæ адтæй: нæ дууей бæсти дæр æз байархайдзæнæн. Хуарз æй ку зонис, æз гадзирахаттæй нæ рацæудзæнæн, уой!

Абисал нигъгъос æй, уæдта уотæ:

– Мæнбæл ма тухсæ, дæ хуарзæнхæй…

Еу дзурд дæр не 'схуадтæй Аслижани цъухæй. Игъосгæ алли дзурд дæр фæккодта: æвзедæнтæ, фæсмон, хатир ракорунбæл арази, уæдта Хаутийи зæрдæвæрæн дзубандитæ дæр. Фал силгоймагмæ уотæ кастæй, цума Хаутий зæронд лæгмæ фæстæмæ исдзорун не 'ндуидта. Ести ку дзурдтайдæ, уæдта ин уотæ зæгъун æ зæрди адтæй: ду, дзубанди дæр ибæл нæййес, номдзуд адæймаг дæ. Уомæ гæсгæ дæ реубæл хуæрзеугутæ ке ес, уой туххæй дууæ зæгъун мæ бон нæй. Фал дин æй æргомæй зæгъун, ме 'нсувæр, – раздæри æскъуæлхтдзийнæдтæй суйни сæрбæл хуæцæн нæййес. Мадта дин цауæнгæнгæй дæр дæ хуæрзеугутæ неци фæййагъаз уодзæнæнцæ. Царди, мæ хор, арæхстдзийнадæ æма хъаурæ гъæуй…

Уæхæн зундбæл хуæст айдагъ Хаутий Татишев нæй. Мæнæ нæ фидæ дæр сæгути кой хумæтæги не 'скодта. Къæбæри хабар, ке зæгъун æй гъæуй, нуртæккæ сæ рæвдзитæй нæй, фал æй куд ниддаргъ кодтонцæ, уотæ ба нæй. Нæ фидæмæ æ дзубандий сæгути кой уомæн рауадæй, æма 'й фæндуй базонун, бийнонти сæргъи æрлæуунмæ ка хуæздæр исарæхсдзæнæй, уой. Алцæмæй дæр æнхæст куд уонцæ, еци хузи…

Цæйбæрцæбæл балæдæруйнаг æй: фиди фæндуй, цæмæй хæдзарæ нивæбæл уа, е. Нæ фидæ хуарз адæймаг æй, зундæйдзаг, игъæлдзæг.

Кизгæ берæ уарзуй æ фиди. Фал уæддæр æхуæдæг куд искарста, уотæ рауайдзæнæй æ лæгмæ æрцæуни гъуддаг… Æхуæдæг ке равзурста, уомæ… Хаутийи туххæй ба уæлдай ка дзоруй: къахæй-къохмæ арæзт, рæсугъд, сахъигурд. Абисал ба – ездон, æфсæрмигæнагæ, никки ба ма бæгъатæр. Ци нифсхаст æй! Къах ибæл нæййес, уотемæй комбайнбæл косун исахур кодта. Мадта, æ бундар фæуухæд, косгæ дæр хумæтæги нæ, фал иннетæй хуæздæр!

Абисали Аслижан еунæг дзурдæй ке лæдæрдтæй, уомæ гæсгæ æ зæрдæ некæд фæкъкъæпп кодта! Силгоймаг иуазгути фæндараст ку кодта, уæддæр имæ уотæ фæккастæй, цума имæ цæстингасæй уотæ дзурдта, гъома: сæйгæ адæймаг кæддæриддæр бостæгæнагæ фæууй æма уоми дессагæй ци ес?.. Цийфæнди ку уа, уæддæр Аслижанбæл æ фиди дзурдтæ нæ фæхъхъаурæгиндæр уодзæнæнцæ, нæ имæ исæвзурдзæнæй туххæй аразгæ уарзондзийнадæ… Фал уæддæр, дæ хуарзæнхæй, байархайæ… Уæд, мийиаг, кæд фидæ басæттидæ фæффæлмæндæр кæнидæ æ дзубанди... Таучевмæ уотæ фæккастæй.

### 2

Цума цæбæлдæр арази нæй, уой хузæн æ сæр телуй сурх бæх. Бæхгини сау нимæти бунтæ феллауй думгæ. Идардæй уотæ зиннуй, цума циуавæрдæр агъазиау сау маргъ æ базуртæ телуй истæхунæрвонг, кенæ ба, æ зæрдæмæ хуæздæр кæми кæсуй, уоми æрбадунæрвонгæй. Абисал зинна-нæзинна саргъбæл дууердæмæ дудæгътæ кæнуй: цауæни уогæй бастадæй хæтæнти – гъæдти æма кæмтти. Æ зæнгæй ци байзадæй, уой аразгæ къах исхаун кодта æма ресуй. Уæддæр амондгун æй, сæрустур æй Абисал: æ нимæти буни бæхи бæрцитæбæл лæууй фунукхуз сæгут. Æрауиндзæг æй æма æ рæсугъд сæр дууæ минкъий сиуей хæццæ зæболæ кæнуй…

Фæлладæй, æрдæгфунæйæй Абисал гъудити ранигъулдæй… Æ цауæн ке нæ фæдздзæгъæли æй, уобæл е 'мбæлттæ бацийнæ кæндзæнæнцæ…

Æма уоми дессагæй неци ес. Гъе, æцæг Аслижан дæр бацийнæ кæндзæнæй, баходдзæнæй? Гъай-гъайдæр, баходдзæнæй æ медбилти… Гæрр, сахъат, æнæкъах ке 'й, зæронд Анзор ин уой туххæй нæ дæттуй æ кизги?! Уохх, куд зин æй е!.. Раст цума адæми цидæр барæнтæбæл лæуун кæнунцæ: фулдæр ка æрласа, е хуæздæр æй. Æнæсæризунд миутæ!.. Тæходуйтæ, Аслижан гъæуи гъæунгти гогойни хæццæ донмæ ку рацæуа, уæд ибæл фембæлæ!.. Дæ бæх æруорамун кæнæ, фунукхуз сæгут æресæ, уарзони къæхти бунмæ 'й æрæвæрæ æма кизгæн рагон æгъдаумæ гæсгæ зæгъæ: «Тæккæ хуæздæр хай дин мæ цауæнæй!.. Цæйбæрцæ ес, мадта, рагон æгъдæуттæй хуæрзтæ!..»

Гъо, фал Аслижанбæл цæстæ дæр ку не 'рхуæца, уæдта? Куготов Анзормæ цæугæ 'рцæудзæнæй. Æндæр гæнæн нæййес. Уоми сæгути бастъегъдзæнæн æма косарт Аслижани рази æрæвæрдзæнæн, цар ба кауæбæл нийиауиндздзæнæн сор кæнунмæ. Уадзæ, æма фунукхуз цар зæрондæн намазлæхъ, ковæн горцъе уа. Уадзæ æма ибæл намази фæсте æ уолæфт уадза: бонивайæнтæмæ архайгæй æ зæрдæбæл лæууа, алли сахъат адæймаг æгудзæг ке нæ фæууй, е…

Гъенур ирæдæн ба ци киндæуа… Гитлеронтæ минкъий рæстæг фæцæнцæ Кæсæги, фал бабæй нин нæ рагон æгадæ æгъдау иснæуæг кодтонцæ! Зæронд Анзор мæнæн æ кизги ратту нбæл ку исарази уа, уæддæр ирæд æрагордзæнæй. Дессагтæ: дæ уарзони æлхæнгæ кæнæ! Уомæй æгадæдæр гъуддаг ма ци 'ргъудигæнæн ес! Æз ба уотæ зæгъун: «Адæймагмæ тæккæ хуæздæр ци ес, е æй – зæрдæ! Гъе, уой дæттун Аслижанæн! Фæййагъаз кæнунмæ алкæддæр дæ рази æрлæуунмæ цæттæ дæн, фал ирæд ба нæ ратдзæнæн…»

Аслижани туххæй алцæбæл дæр арази æй. Æцæг уарзондзийнадæ уæйæгæнгæ нæй. Уæллæгъи, нæй!..

Æ зæрдæ фæркитæй хаун байдайуй, Аслижан алкæд мæтъæл, сагъæссаг зар ку фæккæнуй, уæд…

Дууæ доней астæути бæхбæл фæццæуй Абисал æма ниллæг гъæлæсæй заруй:

*Искæсдзæнæй, уæдта*
*ранигъулдзæнæй хор,*
*Къæвда рауардзæнæй æма*
*бабæй банцайдзæнæй…*
*Ес алкæмæн, алцæмæн дæр*
*кæрон,*
*Фал си неке адтæй*
*мæлæтæй ервæзт…*
*Хуæруй мин, хуæруй мин мæ*
*зæрдæ*
*Алкæддæр уарзондзийнади*
*мæтæ!*

«Дæу маст мæнæн дæр маст æй, – æ меднимæр таустæ кæнуй Абисал. – Гъема соми кæнун: еци мастæн кæрон æрцæуудзæнæй! Дзæбæхæй дæ ку нæ раттонцæ, уæд дæ раскъæфдзæнæн мæ сурх бæхбæл. Къохтæ ниввæрæн ес алли гъæуи дæр. Айдагъдæр мæ Аслижан бауарзта, е бæлвурдæй зундгонд ку уайдæ. Æ цæститæй тæрегъæди бæсти æрттевæд уарзондзийнадæ. Хъаурæгин, æцæгæй сугъзæрийнæ дони тулд уарзондзийнадæ! Тæходуйтæ, уой зонæ!..»

Уæд дин æнай-æнойти сонт гъæрæй ку райгъусидæ цидæр гъæр:

– Но-о, но-о!.. Др-р-р, æнаккæгтæ!..

Абисал æ сæрбæл исхуæ-



***ТЕУНОВ Хачим Исхаки фурт (1912-1983), Кæсæг-Балхъари адæмон финсæг. Куд ССР Цæдеси финсгути иуонг, айдагъ æнтæстгинæй айдагшъ исфæлдистадон куст нæ кодта, фал разæнгардæй архайдта республики æхсæнадон-политикон царди дæр. Æртиндæс анзей дæргъи разамунд лæвардта Кæсæг-Балхъари финсгути Цæдесæн, дзæвгарæ рæстæг фæцæй Кæсæг-Балхъари АССР-и Сæйраг Совети депутат æма æ сæрдар. Æхе финст уадзимистæй уæлдай ма кæсгон-черкесаг æвзагмæ ратæлмац кодта уруссаг номдзуд финсгутæй берети уадзимистæ. Æ агъазиау исфæлдистадон æма æхсæнадон фæллæнттæн æрцудæй бæрзонд аргъгонд нæ Фидибæсти цитгиндæр хуæрзеугутæй.***

**Адæми-дзилли Еугурдуйнеуон бæрæгбон бæрæггонд цæудзæнæй 11 июли. Æ нисан - фулдæр æма бæлвурддæр æргом раздахун адæми-дзилли цардаразæг фарстамæ.**

***зæгъа дæуæй, гъома, бæллецти дуйней цæрис, æфсийнæ ди некæд рауайдзæнæй. Фал æ зæрдæ æрвон артæй кæмæн содзуй, е дæ балæдæрдзæнæй æма ин дæ еунæг финстæг дæр фагæ ‘й уоди рохс фæууинунæн. Æз ба, ду ке уарзис æма дæу ка уарзуй, – куд нæ гъæуама балæдæрон мæ изæд, мæхе Наташи?..»***

стæй, нийгъуста, уанæбæрæг ци æй, зæгъгæ... Уæдмæ бабæй устур надмæ хæстæг нæуæгæй райгъустæй: Но-о!.. Но-о!..

Уæдта бабæй æвзедуни хузи:

– Др-р!.. Æнаккæгтæ... «Кæмæндæр, æвдæзи, æ уæрдун ниххастæй», – рагъуди кодта Абисал æма æ бæх къотæрти астæути, «Мæнгæ над» ке худтонцæ, еци ‘рдæмæ рауагъта. Уобæлти хæстæгдæри туххæй цудæнцæ адæм сæрди тæккæ карзи. Нуртæккæ ба си цъифæй рацæуæнтæ нæ адтæй. Раст син цума еске батæ кодта, уой хузæн сæ цъорт-цъорт цудæй сурх бæхи сæфтæгутæн. Уалинмæ бæхгин къотæртæй рахизтæй.

Цæлхити къобæлтти уæнгæ ниххастæй дууæ фудхуз бæхи уæрдун. Бадтæй си сæргубурæй рацæргæ силгоймаг æ сау сæрбæттæни. Бæхти хæццæ уодхарæй мардæй еу минкъий биццеу. Гъæр сæбæл кодта, æхсæй сæ æрцæвидæ, æма бæхтæй цæф кæбæл æруайидæ, е бæргæ фæрразмæ кæнидæ, фал иннæ ба æнцад лæудтæй. Уæрдунæн æ хъис-хъис цудæй, уотемæй арфæй-арфдæр лæстæй цъифдзасти.

Абисал бæхæй æрхизтæй. Нимæт æма сæгут зæнхæбæл æрæвардта, уæдта дзоруй:

– Тухсгæ ма кæнæ, мæ мади хай! Нуртæккæ фæрræвдзæ уодзæнæнцæ гъуддæгутæ, æма изолдæр уæ цуди кой кæндзинайтæ. Ду ба, биццеу, тингун ма кæнæ, тингун. Бæхти нæмун нецæмæн гъæуй. Уæллæй, æз æма ду нуртæккæ ести æргъуди кæндзинан.

Æ сахъат къахи ристæй æ уод хаудтæй, уотемæй Абисал бæхтæмæ бацудæй, сæ рæгътæ æма син сæ бæрцитæ æрсæрфта. Цума син уотæ дзурдта, «тухсгæ ма кæнетæ»… Кæрдæги дзæбæхæй ратудта æма син уой бадардта.

– Гъенур ба, биццеу, байевдæлæн æма надбæл ести æритауæн. Гъо, гъо! Уотæ ескæд бакодтай?

Абисал февналдта æма къотæртæ кæрдæги дасæгау цагъта хъæмайæй. Биццеу сæ гъæбесидзæгтæй хаста, æма сæ æвардта цæлхити бунти. Абисал ма бæхти рарæвдудта, цидæртæ син радзурдта, уæдта уæрдунмæ исхизтæй æма фæгъгъæр кодта: «Гъæйтт, сурх бæхтæ!..» Æхсæй февзиста, фал си еуей дæр не ‘рцавта. Бæхтæ къобалæмæ цъифи сæ къæхтæ тухистгæнгæй æмхуæстæй рахуæстæнцæ. Раластонцæ уæрдун устур надмæ!

– Еунæг кадгин Хуцау дин агъазгæнæг уæд, мæ хъæболæ! Дæхе дæр æма дæ нийиергути дæр уæхæн хуарзæнхæ уæд, берæ æнзти дæргъи дзæбæхæй, æнæнезæй куд фæццæрайтæ, – арфитæ кæнунбæл исхуæстæй силгоймаг.

Абисал алливæрстæбæл æ цæстингас радардта. Минкъий биццеу æ уæргутæбæл æрбадтæй, уотемæй армитъæпæнæй сæрфуй сæгути. Æ цæститæй ба, мæгур, цæмæдес æма хицæдзийнади æнкъарæнтæ æрттивтонцæ.



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

«Цихубдз пшерих хушанэ» – æ меднимæр исдзурдта Абисал. Фуруарзтæй ке уарзуй, еци рæсугъд уоди туххæй нæ. Нæ! Алли силгоймаги сæрбæлтау дæр! Мæгур уа, зæронд уа – уæлдай нæй!.. Фиццагидæр си кæбæл исæмбæлон, е мæ царди хонх…

Æцæгæйдæр, еци силгоймаг седзæргæс разиндтæй. Хумæтæги нæ архайдта минкъий биццеу бæхи хæццæ. Устур Фидибæстон тугъди ке бацарæфтуд æй, уонæй еу царæфтуд силгоймаг бæхти хæццæ.

Æма дин æвваст Абисали цæститæ ку ниббæгъет уайуонцæ: Аслижан имæ ци зæрдæ даруй, уой базонунæн фадуат фæууодзæнæй. Лæхъуæн ибæл ревæд къохти хæццæ исæмбæлдзæнæй. Уадзæ, æма Хаутий æрбаласæд сирди мард, айдагъдæр Абисали кой ма райгъусæд. Уадзæ, æма еци æдзæсгон, номæфтуд рæсугъд лæг дæр уа! Уадзæ!.. æма еци хæрæги асæ къленц еугуремæй æнхæстдæр уа Анзори рази. Уадзæ! Фал, æцæгæй кæд Аслижани зæрдæ Абисалмæ дзоруй, уæд æй æцæг уарзтæй уарзуй. Фал – мæнæ дессаг – абони сæгут, исон сикъе, арс, иннæбон ба – ирæд… Æппунфæстаг, кизги туххæй ка фулдæр ратдзæнæй, уобæл ку нæ буцæу кæнуй Хаутий хæццæ. Сæудегер, уæйæгæнæг ку нæй.

Биццеу сæгути мард уæрдуни райвардта æма рафæнзта фидтæлти дзурдтæ: «Цихубдз шперих хушанэ!..»

Силгоймаг десæй рамардæй. Куддæр ратухстæй, æ цæсгон расурх æй. Уæхæн лæвар бакомунбæл арази нæ адтæй æма сæгути мард уæрдунæй фæстæмæ райсунбæл архайуй.

– Уæллæй, уотæ ку бакæнай, уæд мæ бафхуæрдзæнæ! – бостæхузæй зæгъуй Абисал.

– Нæ, нæ! – дзуапп раттунмæ нæ бафæстеуат æй силгоймаг. – Нæй райсдзæнæн, мæ хъæболæ. Етæ уæлдай миутæ ‘нцæ!

Уæдмæ минкъий биццеу уæрдунмæ исхизтæй æма бозийбæл æрхуæстæй. Ку æ мадæмæ бакæсуй, ку ба еци рæдау лæгмæ. Æ цæстингасæй бæрæг адтæй, мадæ сæгути мард райсунбæл ку нæ исарази уа, уомæй ке тарстæй, е.

– Фæндараст кæнетæ, – карзæй загъта Абисал.

Æма æ сурх бæхи раскъардта гъæдæрдæмæ, кæд æй уоми гъуддаг нæбал адтæй, уæддæр. Æ нимæти бунтæ думгæмæ сæхе исистонцæ. Цæргæс ма исхуæцуй уотæ æ базуртæбæл.

Уæрдун сабургай ранæхстæр æй гъæуæрдæмæ; силгоймаг æма биццеу ма фæстæрдæмæ, бæхгинæрдæмæ ракастæнцæ. Мади билтæ, æнæ ести дзоргæй, æзмалдæнцæ. Биццеуи цæститæй ба деси цæхæр æрттивта: гъе, е дин, джигит кæмæй фæззæгъунцæ, уæхæн!

## 3

Таучеви тасдзийнадæ бацудæй. Хумæтæги фæлуорс, хед кæмæй рагъаруй, уæхæн тасдзийнадæ, зæронд Куготов Анзори хæдзарæмæ ку бахъæрттæй, уæд. Кæд, мийиаг, етæ мæнгæ гъуддæгутæ ‘нцæ, е ‘ригон зундæй æхе сайуй, цæстингастæ раст нæ балæдæрдтæй?! Кæд Аслижани цæститæй уарзондзийнадæ не ‘рттивта, фал тæрегъæд? Æцæг, тæрегъæди хузи ма уæд!.. Нæ ниббухсдзæнæн уомæн… Уæууа, кæд бунтибуни дзæгъæли æй бæлвурддæр ести базонун, дзæгъæли гъезæмæрттæ ‘нцæ?.. Е ба æнæсæризунд, ревæд армæй цæуй!

Таучев фæлмаст æма мæтъæлæй тургъæмæ ку бацудæй, уæд Хаутий Татишев ба игъæлдзæгæй хасбахъи буни дууæ сæгути марди æстъигъта.

– Мæ къохтæ æхснунмæ ма мин дон фæууинæ, Аслижан! – гъæрæй дзоруй Хаутий. – Косартмæ цъумур къохтæй æвналæн нæййес.

Аслижан æнауæрдгæй калдта Татишеви къохтæбæл хъувгъанæй дон.

«Раст цума е ‘фсийни хæццæ дзубанди кæнуй…» – ратингун æй Таучев.

Аслижан бæхи къæхти гъæр ку райгъуста, уæд фæстæмæ фæккастæй. Æ цæсгон барохс æй, барезæгау кодта, уотемæй цæмæдес кастæй æ цæстингас фездахта. Абисал бæхæй æрхизтæй. Кизгæ хуарзау нæбал фæцæй, æхе иннердæмæ раздахта.

Хаутий Татишев дæр ракастæй.

– Гъе, куд æй, Абисал?! – фæгъгъæр ласта Хаутий. – Ревæдæй? Мæнгæй нæ дзурдтон: дзæгъæли ма тухсæ – дууей бæсти дæр исарæхсдзæнæн! Кæсис: нæ кадгин Анзори фæдзæхст исæнхæст кодтон.

– Бустæги дзæгъæли фæххаттæн… – мæтъæлхузæй дзуапп равардта Таучев.

Æ бæх рабаста æма хæдзарæмæ фæрраст æй. Еци бон уæлдай хъæбæрдæр фесинмæ æфсардæй æ къахбæл.

Аслижан мæтъæлæй кастæй æ фæдбæл, цæстисугтæ нæбал бауорæдта…

– Æркæнæ, æркæнæ дон, цæлæмбуд ма уо! – игъæлдзæг æма гъæрæй дзурдта Татишев.

Æма цæмæннæ: æхе уæлахези бунати нимадта.

Аслижан сæргубурæй хъувгъан фæхъхъел кодта: кæдзос уазал дон æркалдæй гурведауцæ нæрст къохтæбæл.

Абисал æ аразгæ къахæй къуппитæгæнгæ дзатмамæ ку исхизтæй, уæд æнæнгъæлти дуар фегон æй, æма къæсæрбæл февзурдæй, устур надмæ рацæун кæмæн фæййагъаз кодта, еци уосæ.

– Ахх! – æвваст исдзурдта силгоймаг. – Е ду дæ, мæ хъæболæ?! – Уарзонæй нихъхъури кодта Абисали, цийни гъæр исиста:

– Ме ‘нсувæр!.. Анзор!.. Аслижан!.. Мæнæ е, надбæл нин ка фæййагъаз кодта æма нин сæгути мард ка равардта, еци лæхъуæн æй! «Бæлахи гъуддаг нæй… – хуарзау нæбал фæцæй Абисал. – Гъенур ами ку нæ февзурдайдæ, уæд ин æндæр гæнæн нæ адтæй! Нур гъуддæгутæ никкуддæртæ уодзæнæнцæ. Зæрæндтæ ‘й æруорамдзæнæнцæ æма ‘й æстаудзæнæнцæ. Рагон æгъдæуттæбæл федар хуæст ке æй, уой туххæй æй фæсевæдæн фæнзуйнаг хондзæнæнцæ. Татишеви маргæ ку ракæнай, уæддæр си нæ баруагæс уодзæнæй, зæронд Анзорæн æ хуæри нæ базудтон, е»…

Хасбахъири ‘рдæмæ бакæститæ кодта: Хаутий фурдесæй сахлæугæ байзадæй. Билæскъелтæ æма маст æрттивтонцæ æ цæститæй. Æма е цийфæнди кæнæд: Аслижани цæсгонæй ба хортæ кастæнцæ. Кизги цæстингас рауингæй, лæхъуæн фестъæлфтæй æма æ меднимæр ратаус кодта: «Ци æдули къоппа дæ, мæнæй е!..»

Гъæрæй дзубандитæмæ талингæ тургътæй разиндтæй зæронд Анзор: æ ронбаст курæти, бæгъæнбад къæхтæбæл къалостæ; æ цæсгон бор, фæлмастхуз; æ сæрбæл хесæрфæн тухт.

– Барæнæ, барæнæ, мæ хуæрæ! – загъта зæронд лæг.

Абисали цæсгонмæ игъæлдзæгхузæй бакæсгæй, бахудтæй. Æнарæхстæй æй æ хъури ракодта æма æ хъурбæл майдан куд æрауигъта, уой райдæдта дзорун.

– Афэрым.

– Еци загъд ба кæсгонау амонуй «сæрæнигурд».

***Радзурд дигорон æвзагмæ ратæлмац кодта БИЧИЛТИ Алетæ***

## ХАЧИМ ТЕУНОВИ УАДЗИМИСТÆМÆ КОНД ХУЗТÆ







**Æмæнтъери æма хæлхъойи Бон бæрæггонд фæццæуй 14 июли. Еци бон гъæуама исхуæрзрæвдзæ кæнай дæ хæдзари гъуддæгутæ, дæ цардиуаги гъуддæгутæ...**

*Ира задумалась, вздохнула и на вопрос анкеты: «Источник постоянного дохода», – вписала: «Муж Валера».*

☺ ☺ ☺

*Самостоятельно сварив очень даже приличный борщ, Валера понял, что он вообще зря женился.*

☺ ☺ ☺

*– Вы тут поблизости милиционера не видели?*
*– Нет.*
*– Тогда снимай пальто и часы!*

## ДÆХЕ ÆМА ДÆ ИРИСХЪÆ БАЗОНУНÆН



# РÆСТÆГ – ПАЙДАГОР, КОСÆГ – МАЙДАНГОР!..

***Æцæгæйдæр уотæ 'й – алкедæр ни фæндуй, цæмæй рæстæгæй фулдæр пайда уа, æма уобæл æновудæй ка архайуй, е ба хуæрзтæй фæххайгин уй. Еци гъуддаг уин куд æнтæсуй, уой исбæлвурд кæнунæн ба уин бацæттæ кодтан, мæнæ абони ке мухур кæнæн, еци фарстатæ æма байархайетæ зæрдæргомæй сæбæл раттун, æцæгæй ци куд æй, уæхæн дзуæппитæ.***

### 1 Косгæ бæнтти сæумæй кутемæй райистис?

а) Райгъал ун игъалгæнæг сахатгонди дзæнгæрæги размæ – 3
б) Куддæр райгъусуй игъалгæнæг сахатгонди дзæнгæрæг, гъеуæд уайтæккæдæр – 2
в) Уарзун игъалгæнæг сахатгонди дзæнгæрæги фæсте дæр ма хуссæни рарæхцун – 1

### 2 Пайда кæнетæ æрвилбойнон киунугæй?

а) Нæ, некæми мæ гъæуй – 1
б) Ес мæмæ, фал си алкæд нæ пайда кæнун – 2
в) Гъо, æхсицгонæй мæ гъæуй – 1

### 3 Де 'мкосæг дæ хонуй æ райгурæн бон бæрæг кæнунмæ. Дæумæ еци бонмæ æндæр гъуддæгутæ нисангонд ес. Куд бакæндзæнæ?

а) Ездонæй зæгъдзæнæн: «Равгæ мин нæ исуодзæнæй…» – 3
б) Цæмæй мæбæл уой зæрдæ ма фæххода, уомæ гæсгæ исарази уодзæнæн – 1
в) Ци гъуддæгутæ иснисан кодтон еци хунди размæ, уони ахсгиагдзийнадæмæ гæсгæ уодзæнæй мæ унаффæ – 2

### 4 Дæ бон еугур гъуддæгутæ дæр ниууадзун æй, цæмæй дин равгæ уа уарзон сериали нæуæг серимæ бакæсунæн?

а) Гъай-гъайдæр – 1
б) Нæ, уæхæн менеуæг мæмæ нæййес – 3
в) Хаттæй-хатт, еци гъуддæгутæ уоййасæбæл ахсгиаг ку нæ уонцæ, уæд – 2

### 5 Равзаретæ, уæлдай зæрдтагондæр уин кæци æй мæнæ аци зæгъдтитæй, уой:

а) «Кæд дæ уотæ фæндуй, цæмæй дин минкъийдæр рæстæг уа, уæд маци кæнæ…» – 1
б) «Алли бонмæ дæр уотæ кæсун гъæуй, цума минкъий цард æй…» – 2
в) «Рæстæг райевгъуйуй! – фæгъгъæр кæнунцæ еуетæ. – Рæстæг æносон æй: райевгъуйетæ сумах!..» – 3

### 6 «Абони искæнæн кæмæн ес, уой исонмæ бонæнгъуд ма кæнæ», зæгъгæ, фæткæмæ гæсгæ архайис цæрун?

а) Кæд гæнæн æма амал ес, уæд нæ – 3
б) Уотæ гъавун, фал мин алкæд не 'нтæсуй – 2
в) Алкæддæр нæ – 1

### 7 Зæрдæмæдзæугæдæр дин æй, бæлвурд рæстæгмæ æнхæст кæнун ке гъæуй, уæхæн куст?

а) Æвæдзи, гъо – 3
б) Нæ, е мæ уæнгмард кæнуй – 1
в) Уæлдай мин си нæй – 2

### 8 Телевизор æма телефон дин ци 'нцæ:

а) Мæ хуæздæр æрдхуæрдтæ – 1
б) Хиццагæй кæмæй неци ес, уой хæццæ ба ма федун ке туххæй гъæуй, уæхæн æрцæргутæ – 3
в) Æнæмæнгæ гъæугæ æмбæлццæнттæ – 2

### 9 Дæумæ гæсгæ, бæлдтитæ 'нцæ…

а) Рæсугъд гæбæлотæ, кæцитæй, æвæдзи, алкæд неци пайда ес, фал уæддæр цард ба исфедаун кæнунцæ ирддзийнадæ æма уадессагдзийнадæй – 2
б) Зменсгун мæсгутæ, кæцитæбæл харзгонд æрцæуй æгæр берæ хъазар рæстæг – 3
в) Æхцæуæн рæстæгæрвист, кæци дæттуй нифс æма агъаз кæнуй цæрунæн – 1

### 10 Уæ фæлладуадзуни рæстæг æрветунæн уин зæрдæхцæуæндæр ци æй?

а) Разæнгардæй архайун – 3
б) Фæлмæн диван æма телевизор – 1
в) Аллихузи, мæ кеми куд уон, уомæ гæсгæ – 2

### БАНИМАЙЕТÆ УÆ БАЛЛТÆ ÆМА ИСКÆНЕТÆ ХАТДЗÆГ:

**10-16 балли**

Рæстæгмæ зингæ ауæрдгæ зæрдихаттæй кæсун уæ бæргæ нæ багъигæдаридæ, уомæн æма æмбесонд амонуй: «Дзæгъæли исхарзгонд рæстæг æй уотид ундзийнадæ; пайдайæй исхарзгонд рæстæг ба 'й цард!..» Уогæ ни æруагæс кæнуй, дæ уодикондæй ба, рæстæги æма итигъдади закъонтæн сæ дæлбарæ ка нæй, уæхæн философ ке дæ, е.

**17-23 балли**

Нихъхъуригæнæн кæмæн нæййес, уой нихъхъури кæнунæн дин равгитæ ке нæййес, еци хатдзæг ди баруагæс угæй, исарази уодзæнæй рæстæги кутемæйдзийнади хæццæ, дæхецæн зундамонæн равзардзæнæ библиаг загъд: «Уæлæрвти бунмæ алцæмæн дæр ес æхе рæстæг…» Ци гæнæн æма амал ес, уомæй уæхе еуварс даретæ уæлдай æзгулийæй, рæстæг æма хъауритæ цæбæл харз кæнун æнгъезуй æма не 'нгъезуй, уой бæлвурд кæнунмæ арæхсетæ.

**24-30 балли**

Рæстæгæн аргъ кæнунмæ арæхсетæ. Фулдæр хæттити уин æнтæсуй, уæ косгæ бон уотæ исаразун, цæмæй уæ нисангонд гъуддæгутæ еугурæй дæр æнхæстгонд æрцæуонцæ. Рæстæгæй уæхæн хæдзардзинæй пайда кæнун бæргæ хуарз æй, фал уой хæццæ ма гъæуй хаттæй-хатт гъуддæгутæ æма æмгъудтæ феронх кæнун æма еуцæйбæрцæдæр уæнгуагъддæрæй фæуун…

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ 'й æхсæйнагæй бæрзонддæр.**

**1** **Циуавæр фæсномуг адтæй Александр Пушкинæн æ хæстæгдæр æмбæлтти 'хсæн (Петр Вяземский, Василий Жуковский, Антон Дельвич æма æндæртæ)**

**а)** Хъæнделæг **б)** Цъисцъисагæ **в)** Æрттевагæ **г)** Золкъæ

**2** **Еврони дæлæмæдзуд паддзахæдти 'хсæн тæккæ устурдæр кæци бæстæ æй?**

**а)** Андоррæ **б)** Лихштейн **в)** Монако **г)** Сан-Марино

**3** **Япойнаг цæбæл ахур кæнуй дæс хатти дзæндæлдæрæй, фал ибæл ку исахур кæнуй, уæдта си арæхсуй цуппар хатти цæрдæгдæрæй?**

**а)** Къуæцæлтæй хуæрунбæл **б)** Финсунбæл **в)** Кæсунбæл **г)** Голлаги медæгæ уайунбæл

**4** **Спорти кæци хузæй 1970 анзи ССР Цæдеси æма дуйней еугонд командити 'хсæн арæзт æрцудæй «Æноси матч»?**

**а)** Теннис **б)** Футбол **в)** Хоккей **г)** Шахматтæ

**5** **Кæци паддзахади цæргутæн се 'мбесæй фулдæр цæрунцæ æ сæйраг сахари (æ сахаргæрæнтти)?**

**а)** Люксембург **б)** Монако **в)** Исланди **г)** Свализенд

**6** **Æ лæгæй рæстæгмæ æмгъудæй хецæнæй ка фæццæруй, еци бийнойнаги гъазгæ-ходгæй куд фæххонунцæ?**

**а)** Æхсævæ æнæ æхсævгæс **б)** Пенелопа *(бердзейнаг таурæхътæмæ гæсгæ дзæвгарæ рæстæгути æнгъæлмæ кастæй æ лæгмæ – Итаки паддзах Одисеймæ – цалинмæ е тугъдон балцити адтæй)* **в)** Гъæмпин седзæргæс **г)** Декабрист *(декабристтæ XIX æноси паддзахи нихмæ исистад ке исаразтонцæ, уомæ гæсгæ æрвист æрцудæнцæ Сибирмæ, Уæрæсей æндæр идард рауæнтæмæ)*

**Аци фарстатæбæл раст дзуæппитæ кæсетæ нæ газети иннæ номери. Абони ба уæ зонгæ кæнæн, нæ газети 25-аг номери мухургонд фарстатæбæл раст дзуæппити хæццæ.**

**1. Берæгъ. 2. Гъомурун незæй. 3. Караоке. 4. Шпицберген. 5. Мигрень.**

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.

Газет исаразæг æма уадзæг:
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 300. Заказ № 1450.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 10.07.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 10.07.2026.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.